

## Kesyon Ki poze pi souvan sou Ti Reklamasyon (Small Claims Frequently Asked Questions – Haitian Creole)

- Kisa yo rele tribinal Ti Reklamasyon?
- Ki tip de Reklamasyon ki prezante nòmalman?
- Ki tip reklamasyon ki pakab prezante?
- Ki kote pou mwen prezante yon Plent?
- Kilès ki gendwa Prezante yon Plent?
- Kijan pou Prezante yon Plent?
- Entèprèt oswa Aranjman Espesyal
- Konbyen li koute pou Prezante yon Plent?
- Kijan pou Prepare pou Jijman?
- Kisa kap pase jou jijman a?
- Èske mwen gendwa fè rekou dapèl?

Kesyon Ki poze pi souvan sa a (FAQ) ap ba w enfòmasyon jeneral konsènan Seksyon Ti Reklamasyon yo. Se pa bi li pou li founi oswa ranplase konsèy legal oubyen reponn chak kesyon ou genyen konsènan tribinal sa a.

Pou konsèy legal konsènan dwa w yo, ou fèt pou kontakte yon avoka. Si w pa gen yon avoka, kontakte Sèvis Rekomandasyon Bawo Avoka Konte a. Si w pa gen mwayen pou peye yon avoka, ou ta mèt kontakte Pwogram Sèvis Legal la pou wè si w kalifye pou resevwa sèvis legal gratis.

### **Kisa yo rele tribinal Ti Reklamasyon?**

Seksyon Ti Reklamasyon Pati Sivil Espesyal Tribinal la se kote w kab asiyen yon moun oswa yon biznis (akize a) pou kab rekipere yon ti montan lajan ke w kwè yo ta dwe w. Piske tout pwosedi nan Ti Reklamasyon yo pi senp ke nenpòt ki lòt tribinal, moun kab prezante ka yo relativman vit epi li abodab, epi tou le pli souvan san avoka. Repons ki swiv yo, se repons pou kesyon ki poze le pli souvan epi li eksplike w kijan pou prezante yon plent oswa fè rekou dapèl, epi li ba w enfòmasyon jeneral konsènan Ti Reklamasyon nan Noudjèze.

Ti Reklamasyon se youn nan twa seksyon pami Tribinal Pati Sivil Espesyal la. De lòt seksyon yo gen pou wè ak koze Pwopriyetè/Lokatè ak Pati Sivil Espesyal nòmal. Ti Reklamasyon an jere ka kote yon moun vle asiyen pou yon montan ki pa depase \$5,000. Sa se limit monetè pou Ti Reklamasyon. Si montan lajan ke w ap eseye rekipere a depase limit ti reklamasyon a, men li ta mwens ke \$20,000 ou fèt pou prezante ka w an nan Pati Sivil Espesyal nòmal la. Ka kote ki gen dega (lajan w ap mande a) ki depase \$20,000, ou ta mèt prezante ka w an nan Seksyon Jidisyè Pati Sivil Tribinal Sipèrye a.

*Si w panse ke w gendwa a dedomajman ki depase montan limit la, men ou ta renmen asiyen nan Tribinal pou Ti Reklamasyon yo, w ap renonse a dwa w pou rekipere tout dedomajman ki*

*depase limit monetè a. Montan adisyonèl **pap kab reklame** nan yon lòt plent separe.*

## **Ki tip de Reklamasyon ki prezante nòmalmman?**

Sa ki swiv la se yon lis jeneral tout reklamasyon ki kab prezante nan Seksyon Ti Reklamasyon a:

- Vyolasyon yon kontra oral oswa alekri.
- Ranbousman lajan ki te sèvi antan ke pèyman inisyèl.
- Dega sou yon pwopriyete akòz aksidan machinn.
- Dega oswa pèdi pwopriyete.
- Plent konsomatè pou machandiz ki gen defo oswa fabrikasyon defektye.
- Pèyman pou travay ki fèt.
- Reklamasyon pou chèk san pwovizyon.
- Reklamasyon pou lwaye.
- Ranbousman depo garanti lokatè ( ki pa fèt pou depase \$5,000 si w ap asiye poutèt akize a pat remèt depo garanti lokatè a).

## **Ki tip reklamasyon ki pakab prezante?**

Sa ki swiv la se yon lis jeneral de tout reklamasyon ki pa gendwa prezante nan Seksyon Ti Reklamasyon a:

- Reklamasyon pou neglijan Pwofesyonèl (pa egzanp, neglijan ke yon doktè ta komèt, dantis oswa avoka).
- Reklamasyon pou sipò ak pansyon alimantè oswa dispit adomisil.
- Reklamasyon ki gen pou wè ak siksesyon epi titèl.

*Tanpri sonje byen ke si w panse ke w gendwa a dedomajman ki depase limit monetè a, men ou toujou vle asiye nan Seksyon Ti Reklamasyon a, w ap renonse a dwa w pou rekipere tout dedomajman ki ta depase limit monetè a. Lajan adisyonèl la **pakab** reklame nan yon plent separe.*

## **Ki kote pou mwen prezante yon Plent?**

Yon plent fèt pou prezante nan Biwo Pati Sivil Espesyal la nan konte kote omwen youn nan pati w ap asiye a abite oswa kote biznis pati a sitiye. Yo konsidere yon pati komèsyal, yon pati ki sitiye nan yon konte kote lap fè komès oswa nan konte kote biwo li enskri pou fè komès. Si gen plis de yon pati, plent la kab prezante nan konte kote nenpòt nan pati yo abite oswa sitiye. Si okenn nan pati yo pa sitiye oswa abite nan Noudjèze, plent la fèt pou prezante nan konte kote ensidan ki lakòz plent la te fèt. Lis tout Biwo Pati Sivil Espesyal yo, adrès yo ak nimewo telefòn nan Noudjèze yo disponib sou Entènèt nan [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

## Kilès ki gendwa Prezante yon Plent?

Pou asiye nan Seksyon Ti Reklamasyon a, ou fèt pou gen 18 an oswa pi gran. Si moun kap asiye a gen 18 an, reklamasyon an fèt pou prezante pa yon paran oubyen yon responsab.

## Kijan pou Prezante yon Plent?

W ap jwenn yon fòm pou Ti Reklamasyon ansanm ak tout enstriksyon li disponib nan nenpòt ki Biwo Pati Sivil Espesyal Noudjèze epi sou entènèt nan [njcourts.gov](http://njcourts.gov). Manda konparisyon ansanm ak plent la kab depoze atravè Dokiman Jidisyè ki Soumèt pa vwa Elektwonik (JEDS), pa lapòs oswa an pèsòn nan Biwo apwopriye Pati Sivil Espesyal la (*Ale* nan "[Ki kote pou mwen prezante yon Plent?](#)"). Lè w ap prezante yon plent, ou menm, antan ke plenyen a, ou fèt pou:

- Bay non ou ak siyati, adrès ak nimewo telefòn ou.
- Pou asire ke yo sèvi plent la korèkteman, bay non korèk la (non yo) ansanm ak adrès (adrès yo) moun (moun yo) oswa biznis (biznis yo) ki nonmen antan ke akize nan plent la. Li enpòtan anpil ke akize a (akize yo) byen idantifye antan ke endividyèl, pwopriyetè eksklizif, asosyasyon oswa kòporasyon.
- Mansyone montan ke w ap mande a.
- Mansyone rezon pou ki akize a (akize yo) dwe w lajan a.
- Mansyone si aktyèlman, gen yon lòt ka ki gen pou wè ak ou ansanm ak lòt pati a (pati yo) epi, si se ta sa, non tribinal la.
- Pa bay okenn nan *"idantite konfidansyèl oswa pèsònèl"* pati a nan plent la oswa nan nenpòt ki dokiman ou ta prezante nan tribinal amwens ke lalwa, lòd tribinal, règleman oswa direktiv administratif ta egzije li.
- Siye, date epi konplete fòm la.
- Peye frè korèk pou prezante ka ansanm ak tout frè sèvis yo lè w ap prezante plent ou an ba Biwo Pati Sivil Espesyal la.

*"Idantifikasyon konfidansyèl ak pèsònèl"* defini antan ke nimewo sekirite sosyal, nimewo lisans kondwi, nimewo plak machinn, nimewo polis dasirans, nimewo kont finansye ki **aktif**, nimewo kat kredi ki **aktif** oswa enfòmasyon sou stati endividi a nan lame. Ou gendwa founi dènye 4 nimewo kont **aktif** yon pati si li fè pati plent la epi ke kont la pata kab idantifye.

## Entèprèt oswa Aranjman Espesyal

Sistèm Jidisyè ap fè aranjman rezonab pou pèmèt nenpòt moun andikape jwenn aksè ak patisipe nan tout evenman jidisyè yo. Tanpri kontakte Kowòdinatè ADA a pou mande yon aranjman espesyal. Enfòmasyon sou kontak la disponib nan [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

Sistèm Jidisyè Nyoudjèze a founi sèvis entèprèt. Si w bezwen entèprèt, notifiye tribinal la le pli vit posib. Enfòmasyon sou kontak la disponib nan [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

## **Konbyen li koute pou Prezante yon Plent?**

Frè pou prezante yon plent nan Seksyon Ti Reklamasyon se:

- \$35 pou yon akize.
- \$5 pou chak akize adisyonèl.
- Aktyèlman frè a se \$7 pou chak akize ke yo sèvi ak papye swa pa lèt rekomande oswa lapòs nòminal. Yon frè \$3 pou reslivre dokiman yo, plis yon frè \$7, pou Ofisye Pati Sivil Espesyal la livre dokiman a ba prevni si plent la sèvi an pèsòn pa ofisye tribinal la. Chak akize adisyonèl ke w ta renmen ke ofisye tribinal la sèvi an pèsòn ap koute \$5 adisyonèl plis \$7 frè pou livre dokiman a. Emèt yon chèk oswa money order peyab ba **Treasurer, State of New Jersey**.

*Si w pa gen mwayen pou peye tout frè pou prezante yon plent, ou gendwa aplike pou mande tribinal la pou kalifye w antan ke endijan epi jij la ta kab egzonere w de peye frè yo.*

## **Kijan pou Prepare pou Jijman?**

### ***Pleyan***

Si w se yon pleyan ou fèt pou pwouve ka w an. Fè aranjman pou genyen tout temwen ansanm ak tout dosye w ap bezwen pou pwouve ka a nan jijman. Yon deklarasyon alekri, menm si se sou sèman, pa admisib nan tribinal. Sèl temwayaj aktyèl temwen a (temwen yo) de sa yo te tandè oswa wè ap admisib nan triinal. Prepare tout kesyon yo davans.

Pare pou prezante nan tribinal ak tout dosye nenpòt tranzaksyon ki ta kab ede w pwouve ka w an. Dosye kab gen ladann:

- Chèk ki deja touche, money orders, tout resi yo.
- Bòdwo, kontra yo, devi yo, kontra lokasyon yo.
- Tout korespondans.
- Tout foto.
- Tout lòt dokiman ki pwouve reklamasyon ou an.

*Si w ta reyisi regle ka a ansanm ak akize a anvan dat jijman a, rele Biwo Pati Sivil Espesyal la imedyatman pou konfime ke ka fèt pou deziye antan ke ka ki deja regle.*

### ***Akize***

Si w se yon akize, ou fèt pou prepare dosye w sou ka menm jan Pleyan prepare ka liya. Fè aranjman pou mete a disponsibilite tout temwen nesèsè yo ansanm ak tout dokiman yo ke w pral prezante nan tribinal jou dat jijman a pwograme. Ou fèt pou prezante nan tribinal dapre tout enstriksyon yo a lè ak dat ki parèt sou manda konparasyon a. Si w pa prezante, you kab emèt yon jijman pa defo kont ou, epi ou kab byen oblije peye lajan pleyan a di ke w dwe li.

*Si w ta reyisi regle ka a ansanm ak akize a anvan dat jijman a, rele Biwo Pati Sivil Espesyal la imedyatman pou konfime ke ka fèt pou deziye antan ke ka ki deja regle.*

## **Kisa kap pase jou jijman a?**

Pleyan ak akize a fèt pou prezante nan tribinal a lè ak dat ki make sou manda konparisyon a, amwens ke tribinal la ta notifie yo le kontrè. Pare pou prezante tout temwen ansanm ak prèv w ap bezwen pou plede ka w an.

Jou ki pwograme pou jijman a, tribinal la va ede w pou eseye regle ka a atravè yon konferans pou regle ka a ak yon moun kalifye san pati pri. Moun sa ap ede pleyan a ansanm ak akize a rive a yon antant satisfèzan. Moun ki pa nan pati pri a se pa yon jij. Si nou pa ka rive a yon antant, le pli posib ke se jij la ka va tande ka w an menm jou a.

*Si w se Plenaryan epi w gaye ka a, epi ou ta bezwen enfòmasyon sou kijan pou touche sou jijman a, w ap kab jwenn enfòmasyon sa a nan yon depliyen ki rele “[Kijan pou touche jijman monetè](#)” (Collecting a Money Judgment). Depliyen sa a disponib nan nenpòt Biwo Pati Sivil Espesyal Noudjèze ak sou Entènèt nan [njcourts.gov](http://njcourts.gov).*

## **Èske mwen gendwa fè rekou dapèl?**

Si w, antan ke pleyan, pa dakò ak desizyon tribinal la, ou gendwa fè rekou dapèl ka a ba Seksyon Apelasyon Tribinal Sipèrye nan yon delè de 45 jou apati de dat desizyon final la emèt. (Enfòmasyon a disponib nan [njcourts.gov](http://njcourts.gov)) Ou fèt pou prezante Avi Rekou Dapèl la, yon kopi pou Mande Transkripsyon a ansanm ak Dokiman Enfòmasyon Jeneral Ka a nan yon delè de 45 jou ba Grefye Seksyon Rekou Dapèl la (ki sitiye nan Huges Justice Complex, Trenton) epi remèt kopi yo bay:

- Tout pati ki te konparèt nan tribinal e ki fè pati dosye a.
- Biwo Pati Sivil Espesyal la de kote apèl la inisye.
- Jij ki deside ka a.

Ou fèt pou peye yon frè de \$250 pou prezante ka a ak Avi Rekou Dapèl la ansanm ak yon depo de \$300 ba Grefye Seksyon Rekou Dapèl la nan yon delè de 30 jou apati de Avi Rekou Dapèl la. Depo sa a kab sèvi pou peye yon aranjman oswa frè tribinal yo si w ta pèdi apèl la. Si apèl la ta reyisi, yap ranbouse w depo a.

Ou fèt pou jwenn yon transkripsyon tou (yon kopi dosye sak te fèt nan tribinal la) pandan jijman a. Demann pou yon transkripsyon fèt pou prezante ba Biwo Pati Sivil Espesyal la nan konte kote ka a te jije. Ou fèt pou depoze nan men Grefye Seksyon Rekou dapèl la frè previ transkripsyon a (dapre sa stenograf jidisyè a ta detèmine, Grefye a oswa ajans kap prepare liya.) oubyen \$300 pou chak jou oswa pati jounnen jijman a. Ou fèt pou prezante twa kopi transkripsyon a nan Biwo Grefye Seksyon Rekou Dapèl la. Tout kesyon osijè de yon rekou dapèl fèt pou adrese ba Biwo Grefye Seksyon Rekou Dapèl la nan 609-815-2950 oubyen ba yon avoka.